

Kimoun Nou Ye

Konsèy Administrasyon Nasyonal pou Relasyon Travay (National Labor Relations Board, NLRB) se yon ajans federal endepandan ki te kreye nan ane 1935 epi ki te vin gen pouvwa pou pwoteje dwa anplwaye yo pou òganize, angaje youn ak lòt pou chèche pi bon kondisyon travay, chwazi si pou genyen oswa pa genyen yon reprezantan pou negosyasyon ant patwon ak anplwaye, oswa si pou yo evite fè sa. NLRB aji tou pou evite epi rezoud pratik enjis patwon ak sendika sektè prive a ap fè nan travay, epitou yo òganize eleksyon avèk bilten sekre konsènan reprezantasyon sendika. NLRB se yon ajans ki gen de nivo. Yon Konsèy Administrasyon gouvènè li nan yon nivo epi yon Konseye Jeneral gouvènè li nan lòt nivo a. Se Prezidan an, avèk konsantman Sena, ki lonmen manm Konsèy Administrasyon an. Se Konsèy Nasyonal Relasyon Travay ak Konseye Jeneral li ki egzekite responsablite ak fonksyon Ajans lan anba Lwa Nasyonal 1935 konsènan Relasyon Travay, selon amannman. Konseye Jeneral la anplis otorite endepandan anba lwa a, egzèsè lòt otorite avèk delegasyon Konsèy Administrasyon an.

Konsèy Administrasyon an

Konsèy Administrasyon nan gen senk Manm epi li aji sitou kòm yon enstitisyon ki prèske-jidisyè nan pran desizyon sou ka yo sou baz dosye fòmèl nan pwosedi administratif yo. Se Prezidan ki lonmen Manm Konsèy Administrasyon an pou manda 5 ane, avèk konsantman Sena, manda yon Manm ekspire chak ane.

Divizyon Jij yo

Wòl Jij Lwa Administratif NLRB se tandè, rezoud epi deside sou ka pratik enjis nan travay toupatou nan peyi a, epi yo opere avèk biwo nan Washington, New York, ak San Francisco.

Konseye Jeneral la

Konseye Jeneral la, Prezidan an lonmen pou yon manda 4 ane endepandan avèk Konsèy Administrasyon an epi li responsab pou ankèt ak pouswit nan lajistis pou ka pratik enjis nan travay ak pou sipèvizyon jeneral biwo rejyonal NLRB yo nan pwosesis ka yo.

Enspektè Jeneral la

Aprann plis sou Biwo Enspektè Jeneral la

Istwa Nou

Konsèy Administrasyon Nasyonal Relasyon Travay fyè pou istwa li nan ranfòsman Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay. Apati epòk Gran Depresyon epi pou kontinye jouk nan

Dezyèm Gè Mondyal ak kwasans ekonomik ak difikilte ki te vin genyen yo, NLRB te travay pou garanti dwa anplwaye yo pou yo fè negosyasyon ant patwon ak anplwaye, si yo chwazi fè sa. Lidèchip

Òganigram Òganizasyon an

Òganigram Òganizasyon NLRB

Vin manm nan Ekip NLRB

Akizisyon

Entwodiksyon Nou te prepare enfòmasyon sa yo pou ede biznis ki enterese vann pwodui ak sèvis yo ba Konsèy Administrasyon Nasyonal Relasyon Travay (NLRB). Fich enfòmasyon sa yo dekri pwosedi ak règleman konsènan pasasyon mache anjeneral ki anvigè pou acha NLRB fè. Dokiman sa a eksplike nan yon manyè jeneral kalite atik òganizasyon an achte, moun ki pwokire atik yo ak kote òganizasyon an achte yo. Dokiman an gen ladan tou enfòmasyon ki konsène sitou ti biznis yo, biznis defavorize yo, ti biznis sèvis veteran andikape posede, ak biznis fanm yo posede.